

Machin Elektrik

Èske w enterese pou achte yon machin elektrik oswa èske w vle yon estasyon pou rechaje EV lakay ou?

- Achte yon nouvo machin elektrik epi reklame **Kredi Taks pou Nouvo Machin Pwòp** ak Fòm 8936 la lè w fè taks pou jiska \$7,500 selon kapasite batri a, egzijans mineral kritik yo, egzijans konpozan batri yo, epi ki ane machin nan te kòmanse ap sèvi
- Achte epi enstale ekipman pou rechaje machin elektrik nan kay prensipal ou a epi reklame **Kredi Taks pou Machin ki Itilize Gaz Altènatif** la lè w itilize Fòm 8911 la lè w ap fè deklarasyon taks ou pou yon kredi taks egal a 30% nan pri a, jiska \$1,000 pou chak estasyon chaj.

Preparasyon Taks Gratis

- Ekip pwofesyonèl taks **Catalyst Miami** an pare pou l prepare taks ou pou ou GRATIS. Evite sèvis taks chè epi kite ekip ki sètifye nan IRS nou an ede w reklame chak dola ou merite. (Revni anyèl kay la dwe \$67,000 oswa mwens.) Klike la a pou aprann plis e pou enskri pou sèvis taks:
[ht.catalystmiami.org/taxprep](https://catalystmiami.org/taxprep)

Enèji Solè

Eske w vle itilize enèji solè? Ou ka kalifye pou yon sistèm pano solè gratis, e ou ka enskri pou antre nan **Ko-op solè 2024 Miami-Dade la**.

✉ FLTeam@SolarUnitedNeighbors.org

☎ (305) 929-0949

🔗 <https://solarunitedneighbors.org/Miami>

Rabè sou aparèy ki sèvi ak dlo yo

Èske w ap chèche ekonomize lajan sou nouvo aparèy ki sèvi ak dlo yo (twalèt, wobinè, tèt douch)? Epi kay ou a te bati anvan 1996? Kalifye pou pwogram pou jwenn rabè sou dlo Konte a!

✉ waterconservation@miamidade.gov

☎ (786) 552-8974

Asistans Renovasyon Enèji

Eske w vle fè kay ou pi rezistan kont move tan? **Pwogram Asistans Weatherization lan** (Renovasyon pou rezistans kont move tan an) gen ladann:

- Izolasyon grenye
- Tèt douch ki pa koule anpil
- Anvlòp pou chofaj dlo
- Anpoul ki ekonomize enèji
- Pwoteksyon kont move tan
- ak plis ankò!

✉ Martha.Perez@miamidade.gov

☎ (786) 469-4729

CATALYST
MIAMI

MIAMI-DADE
COUNTY



Pwogram Rezilyans

Aprann kijan ou ka ekonomize lajan sou pri kay ak bòdwo limyè.

Reparasyon Kay

Pwogram Rebuilding Together a (Rebati Ansanm) pou Rekonstriksyon ak Rezistans Kont Dezas la ap sèvi plizyè reparasyon nan kay, ki gen ladan: reparasyon deyò kay la, modifikasyon pou fasilite akès, penti, ak reparasyon aparèy elektwonik yo.

✉ info@RTmiami.org

☎ (305) 200-5711

🔗 <https://RTmiami.org/programs/disaster-repairs-and-resiliency/>

SI W SE YON PWOPRIYETÈ KAY...

Eske w vle fè kay ou pi rezistan kont move tan?

Limit Revni:
1 manm nan kay la: \$30,120
2 manm nan kay la: \$40,880
3 manm nan kay la: \$51,640
4 manm nan kay la: \$62,400
5 manm nan kay la: \$73,160
6 manm nan kay la: \$83,920
7 manm nan kay la: \$94,680
8 manm nan kay la: \$105,440
+ \$10,760 pou chak moun anplis

Kondisyon Anplis:
- Kat Sekirite Sosyal valab pou tout manm nan kay la
- Prèv revni pou 12 dènye mwa yo
- Lisans chofè FL valab oswa kat idantite Eta a pou tout moun k ap viv nan kay la ki gen 18 an oswa plis
- Prèv pwopriyete kay
- Dènye bòdwo FPL la

Kalifye pou Pwogram Asistans Renovasyon Enèji:

- Izolasyon grenye
- Tèt douch ki pa koule anpil
- anvlòp pou chofaj dlo
- Anpoul ki ekonomize enèji
- Pwoteksyon kont move tan
- Vantilasyon pou Rekiperasyon Enèji (ERV), ki gen ladan vantilatè pou twalèt ak kuizin
- Reparasyon oswa ranplasman pòt ekstèn, fenèt, frijidè, chofaj dlo ak sistèm chofaj ak èkondisyon

Eske w vle itilize enèji solè?

Limit Revni:
1 manm nan kay la: \$95,400
2 manm nan kay la: \$108,960
3 manm nan kay la: \$122,520
4 manm nan kay la: \$136,200
5 manm nan kay la: \$147,120
6 manm nan kay la: \$158,040
7 manm nan kay la: \$168,960
8 manm nan kay la: \$179,880

Twati kay la gen 5 an oswa plis epi li pa bezwen reparasyon.

Eske w kalifye pou yon sistèm pano solè gratis epi pou antre nan pwogram Miami-Dade 2024 Solar Co-op la.

Eske w vle yon estasyon pou rechaje EV lakay ou?

Sèvi ak zouti katografi Biwo Resansman an pou detèmine idantifikatè jewografik 11 chif (GEOID) zòn resansman w lan.

Tcheke si GEOID ou te idantifye a sou lis IRS la bay la a: Orè B.

Achte epi enstale ekipman pou rechaje machin elektrik nan kay prensipal ou a.

Reklame Kredi Taks pou Machin ki Itilize Gaz Altènativ la lè w itilize Fòm 8911 la lè w ap fè deklarasyon taks ou pou:

yon kredi taks egal a 30% nan pri a, jiska \$1,000 pou chak estasyon chaj.

Eske w bezwen reparasyon lakay ou?

Ou rete nan Naranja Lakes CRA, Distri 2 nan Konte Miami-Dade, oswa distri 7 (ki pa enkòpore)
*Kandida ki andeyò zòn sa yo pral sou lis datant.

Limit Revni:
1 manm nan kay la: \$69,400
2 manm nan kay la: \$79,300
3 manm nan kay la: \$89,200
4 manm nan kay la: \$99,100
5 manm nan kay la: \$107,050
6 manm nan kay la: \$115,000
7 manm nan kay la: \$122,900
8 manm nan kay la: \$130,850

ap viv nan kay la pandan dezan oswa plis

ou pa dwe okenn taks lokal yo epi ou pa dwe okenn peman ipotèk epi ipotèk envès oswa privilèj sou pwopriyete a

Kalifye pou Pwogram Rebuilding Together (Rebati Ansanm) a pou Rekonstriksyon ak Rezistans Kont Dezas pou divès bezwen reparasyon kay, ki gen ladan: reparasyon ekstèn, modifikasyon aksè, penti, ak reparasyon aparèy elektwonik yo.

Dyagram Desizyon Pwogram Rezilyans

SI W SE YON LOKATÈ OSWA YON PWOPRIYETÈ KAY...

Eske w enterese pou achte yon machin elektrik?

Achte yon nouvo machin elektrik ki:

- gen yon kapasite batri omwen 7 kilowat èdtan
- gen yon pwa machin total ki mwens pase 14,000 liv
- fabrike pa yon manifakti kalifye
- gen asanblaj final li nan Amerik di Nò
- satisfè egzijans sou mineral kritik ak konpozan batri yo (apati 18 avril 2023)

gen yon MSRP anba

- \$80,000 pou kamyonèt, machin sèvis piblik ak kamyonèt dekapotab
- \$55,000 pou lòt machin yo

Reklame Kredi Taks pou Nouvo Machin Pwòp ak Fòm 8936 la lè w fè taks pou:

Jiska \$7,500 selon kapasite batri a, egzijans mineral kritik yo, egzijans konpozan batri yo, epi ki ane machin nan te kòmanse ap sèvi

Eske w ap chèche ekonomize lajan sou nouvo aparèy ki sèvi ak dlo yo (twalèt, wobinè, tèt douch)?

Epi kay ou a te bati anvan 1996*

*Tcheke miamidade.gov/ Apps/PA/PropertySearch si w pa sèten!

Kalifye pou pwogram pou jwenn rabè sou dlo Konte a!

Achte twalèt/wobinè/ tèt douch WaterSense ki sètifye EPA (prèv acha obligatwa):
- \$50 rabè pou chak twalèt
- \$25 rabè pou chak wobinè
- \$25 rabè pou chak tèt douch (maksimòm 2 pou chak kay)



CATALYST MIAMI